# JAS FUTBOLSHÍLARDÍŃ TEXNIK-TAKTIK TAYARLIǴIN JETILISTIRIWDIŃ ZAMANAGÓY USILLARÍ

**_Abdullaev I._**
*Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialı*
*"Sport oyınları" kafedrası assistent oqıtıwshısı*

**Tayanch so'zlar:** futbol, pedagogik imkoniyatlar, o'yinchi tanasi, model, interaktiv, antropometriya, tezlik-kuch sifatlari, texnik mahorat, morfofiziologik va biologik xususiyatlar, texnik va taktik tayyorgarlik.

**Ключевые слова:** футбол, педагогические возможности, организм игрока, модель, интерактив, антропометрия, скоростно-силовые качества, техническое мастерство, морфофизиологические и биологические особенности, технико-тактическая подготовка.

**Key words:** football, pedagogical possibilities, player's body, model, interactive, anthropometry, speedpower qualities, technical skill, morpho-physiological and biological characteristics, technical-tactical training.

Kirisiw. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev hámde húkimetimiz tárepinen mámleketimizde Olimpiyda oyınlarına kirtilgen komandalıq sport oyınların, atap aytqanda futboldı rawajlandırıw máselesine úlken itibar qaratılıp kelinbekte. Bul baǵdarda Ministrler Kabineti tárepinen jıllar dawamında qabıl etilgen "Dene tárbiyası hám sport haqqında"ǵı Nızam, «Ózbekstan Respublikasında futboldı rawajlandırıw is-ilajları haqqında"ǵı 144-sanlı, "Ózbekstan futbolın rawajlandırıw fondı iskerligin jaqsılaw hám onı qollap-quwatlaw is-ilajları haqqında"ǵı 283-sanlı, 2018-jıl 16-mart kúngi "Futboldı jánede rawajlandırıw is-ilajları haqqında"ǵı PQ-3610-sanlı, 2019-jıl 4-dekabr kúngi PF-5887-sanlı "Ózbekstanda futboldı rawajlandırıwdı ulıwma jańa basqıshqa alıp shıǵıw is-ilajları haqqında"ǵı Qarar hám Pármanları atap ótiwimizge boladı.

Jas futbolshılardıń texnik-taktik tayarlıǵın jetilistiriw, onıń texnikalıq hám taktikalıq sheberliginiń qáliplesiwi menen úzliksiz baylanısta ámlege asadı. Usı processke xızmet etiwshi shınıǵıwlarǵa qatań tártipte, izbe-izlikte kirisiledi. Futbolshılardıń texnik-taktik tayarlıǵın jetilistiriw ushın interaktiv metodlardan

paydalanıw zárúrligi búgingi kúnde bul baǵdardaǵı aktual máselelerden biri bolıp tabıladı.

Sonlıqtan bul ilimiy izertlew jumısımızdıń maqseti shınıǵıwlar processinde jas futbolshılardıń texnik-taktik tayarlıǵın interaktiv metodlardan paydalanǵan halda jetilistiriw nátiyjeliligin úyreniw espalanadı. Bul óz gezeginde bir qatar wazıypalar menen baylanıslı.

Birinshiden, jas futbolshılar texnik-taktik tayarlıǵın jetilistiriw boyınsha ótkeriletuǵın shınıǵıwlar processin úyreniw;

Ekinshiden, jas futbolshılardıń texnik-taktik tayarlıq dárejesin úyreniw;

Úshinshiden, shınıǵıwlar processiniń tıǵızlıǵın anıqlaw hám metodikalıq usınıslar islep shıǵıw.

Futbolshılardı oyın iskerligi tek ǵana sekiriw, juwırıw hám júriwden ibarat emesligi, olardıń háreketi anaǵurlım quramalı bolıp, qarsılas penen gúres alıp barıwı, eń joqarı tezlikte juwırıwı, quramalı taktikalıq wazıypalardı atqaradı. Sonlıqtan futbolshılardıń fizikalıq tayarlıǵı olardıń oyın iskerligin, xarakterin esapqa alǵan halda sonday shólkemlestiriw zárúr, bul olarǵa texnikalıq hám taktikalıq sheberligin jetilistiriwge tiykar bolsın.

R.A.Akramov futbolshınıń ulıwma tayarlıǵı fizikalıq qábiletti hár tárepleme tárbiyalaw, ulıwma jumıs qábiletin arttırıw wazıypaların sheshiwdi hám ulıwma rawajlandırıwshı shınıǵıwlardıń shuǵıllanıwshılar organizmine ulıwmalıq tásir kórsetiwshi sporttıń basqa túrleri menen baylanıslı ekenligin atap ótken.

G.A.Lisenchuk (2003), ulıwmalıq tayarlıqtı arrıtıw maqsetinde qollanılatuǵın kóp ǵana shınıǵıwlar organizmge hár tárepleme tásir kórsetiwin, atap aytqanda, biyik-pás jerlerde uzaq múddet juwırıw kóbirek shıdamlılıqtı, qısqa aralıqlarda tez juwırıw tezlikti rawajlandırıwǵa, gimnastikalıq shınıǵıwlar shaqqanlıqtı rawajlandırıwǵa qaratılǵanlıǵın ayrıqsha atap ótedi.

Ulıwma texnik-taktik tayargarlıqta bulshıq et-shemirsheklerdiń rawajlanıwı hám bekkemleniwine ishki aǵzalr hám sistemalar funkciyasınıń jetilisiwine, háreketlerdi koordinaciya etiwdi jaqsılaw hám háreket sapaları ulıwmalıq dárejesin arttırıwǵa erisiledi.

Texnik-taktik tayarlıqtıń bul dáwirdegi wazıypası, dáslep jas futbolshılardıń háreket funkciyaların (kúsh, tezlik, shıdamlılıq, shaqqanlıq hám epshillik, sonday-aq áz háreketlerin waqıt aralıǵında, hawada hám muskullerdiń zor beriw dárejesine kóre basqara alıq háreket funkciyasınıń tiykarǵı komponentleri esaplanadı) qáliplestiriwden ibarat boladı.

Háreketler tezligin tárbiyalawǵa úlken itibar qaratаıw lazım, sebebi balalıq hám ósmirik jasında mine usı eń áhmiyetli fizikalıq sapanı tárbiyalaw ushın keń imkaniyatlar bar boladı.

Sonı ayrıqsha atap ótiw lazım, dáslepki tayarlıq hám baslanǵısh sport qánigelesiwi basqıshlarında tezlik, shaqqanlıq penen tıǵız baylanısta rawajlanadı, bul bolsa jıljıwdıń (bir orınnan ekinshi orınǵa ótiwdıń) racional texnikasın iyelep alıw ushın zárúr tiykar jaratadı. 8-12 jaslar dáwirinde juwırıwdaǵı maksimal tezliktiń anaǵurlım artıwı háreketler tezliginiń tábiyiy ósiwi menen baylanıslı.

12-14 jasta bolsa tezlik tiykarınan tezlik-kúsh sapalarınıń hám muskul kúshiniń ósip barıwı sebepli atrtadı.

Sonıń ushın tezlikti rawajlandırıwda juwırıw tempi hám úlkem muskul kúshin talap etetuǵın háreketler chastotasın maksimal ráwishte arttırıwǵa háreket etiw lazım. Bunda tábiyiy háreketlerge kóbirek orın ajıratıw lazım. Oyın, jarıs formasında atqarılatuǵın sport oyınları hám háreketli oyınlar, shınıǵıwlar da úlken járdem beriwi múmkin.

Oyın shınıǵıwların orınlaw jas futbolshılardı jeńiske erisiw ushın maksimal kúsh sarıplawǵa májbúr etedi. Oyın materiyalı shınıǵıwdaǵı ulıwma waqıttıń 50% ǵa shekem iyelew kerek. Hár bir shınıǵıw qısqa waqıt ishinde (10-15 sek) bir neshe seriyalı usılda orınalanadı, dem alıw intervalı 10-15 min boladı. Maksimal tezlik penen qayta juwırıw ayrıwsha áhmiyetke iye, bul 20 m.ge shekem aralıqta estafeta usılda orınlanadı.

Shınıǵıwlarǵa estafetalardan tısqarı 10-15 m.ge juwırıw boyınsha qadaǵalaw shınıǵıwların kirgiziwde usınıs etiledi.

Futbol oyınlarında jeńiske erisiw kóp tárepten ádep-ikarmlılıq hám erk sapalarınıń dárejesine baylanıslı. Sonlıqtan jeke futbolshılardı da, ulıwma

komandanı da tayarlawdıń elementi tárbiyalıq is-ilajlar esaplanadı. Ádette keskin gúres astında, kóbinshe qıyın klimatlıq sharayatta ótkeriletuǵın júdá áhmiyetli oyınlar hám turnirler sanı arıtp barmaqta. Futbolshılar abzıda jarıs maydanlarına barıwda uzaq  saparlardı ámelge asırıwǵa, kilmatlıq-geografik aymaqlar hám reginallıq waqıttıń keskin ózgerislerine shıdawǵa májbúr boladı. Bulardıń barlıǵı oqıw-shınıǵıw processiniń nátiyjeliligin arttırıwǵa qaratılǵan hár qıylı pedagogikalıq, gigienalıq hám basqa quralların keń qollawdı talap etedi.

Trenerlerdiń aldıńǵı tájiriybe hám gúzetiwleri nátiyjelerin ulıwmalastırıw jas futbolshılarǵa qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardı anıqlawǵa imkan beredi:

– joqarı dárejedegi ádep-ikramlılıq, erk sapaları (mártlik, batıllıq, baslamashılıq, erkinlik, shıdamlılıq hám ózin-ózi qadaǵalaw)na iye bolıw;
– ekstremal sharayatlarda texnikalıq usıllardı isenimli orınlaw;
– zamanagóy taktikalı korinistegi oyındı alıp barıw;

– arnawlı fizikalıq sapalar (tezlik, tezlik-kúsh, shaqqanlıq, shıdamlılıq) rawajlanıwınıń joqarı dárejesine iye bolıw;
– bekkem salamatlıqqa iye bolıw, fizikalıq tárepten jaqsı rawajlanǵan bolıwı, joqarı dárejede funksional tayarlıqqa iye bolıwı;
– komanda taktikasın kúshettiriw boyınsha teoriyalıq bilimlerden paydalanıw.

Juwmaq. Jeke pedagogikalıq gúzetiwler hám izertlew nátiyjelerinen kelip shıǵıp tómendegi juwmaqqa keldik:

1. Izertlewlerden belgili boldı, jas balalardı futbol sport túri menen shuǵıllanıwı 8-10 jaslardan baslanadı. Jas futbolshılardıń dástlepki tayarlıǵında texnik háreketlerdi rawajlandırıwǵa kóbirek itibar beriliwi, fizikalıq sapalardan shaqqanlıq hám iyiliwsheńlikti tárbiyalaw áhmiyetli esaplanadı.

2. 13-14 jaslı futbolshılardıń shınıǵıwlarında ulıwma fizikalıq tayarlıǵın tárbiyalawǵa rawajlandırıwǵa jıllıq reje boyınsha tayarlıq dáwirinde úlken itibar beriliwi anıqlandı.

**Ádebiyatlar:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıll 5-mart kúngi “Dene tárbiyası hám sport tarawında mámleketlik basqarıw sistemasın túpten jetilistiriw
is-ilajları haqqında”ǵı PF-5368-sanlı Pármanı.

2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-yil 16-mart kúngi “Futboldı jánede rawajlandırıw is-ilajları haqqında”ǵı PQ-3610-sanlı qararı.

3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń “Dene tárbiyası hám sport haqqında”ǵı Nızamı. T., «O‘zbekiston». 2000.

4. Abdullaev A., Xonkeldiev Sh. Jismoniy tarbiya nazariyasi va usuliyati. T., 2006.

5. Айрапетянс Л.Р., Годик М.А. Спортивные игры. Т., изд. Ибн Сино, 1991.

6. Акрамов Р.А. Игровые и тренировочные нагрузки в футболе. Учебное пособие. Т., изд. Ибн Сино, 2002.

7. Akramov R.A. Yosh futbolchilarni tanlab olish va tayyorlash. T., izd. Meditsina, 1989.

**РЕЗЮМЕ**

Ushbu maqolada zamonaviy futbolda texnik-taktik tayyorgarlikni samarali tashkil etish masalalari ilmiy asosda o‘rganiladi.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье на научной основе изучаются вопросы эффективной организации технико-тактической подготовки в современном футболе.

**SUMMARY**

This article studies on a scientific basis the issues of effective organization of technical and tactical training in modern football.